**दिन–बुधवार** **दिनांक–25.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पश्चिम एशिया मुद्दा पर सरकार द्वारा बजाओल गेल सर्वदलीय बैसार संसद भवन परिसर मे चलि रहल अछि। रक्षा मंत्री राजनाथ सिंहक अध्यक्षता मे आयोजित बैसार मे गृह मंत्री अमित शाह, विदेश मंत्री एस.जयशंकर, पेट्रोलियम मंत्री हरदीप पूरी, जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, राजीव रंजन उर्फ ललन सिंह आओर कांग्रेसक नेता तारीक अनवर सहित कतेको नेता उपस्थित छथि।

---

केन्द्र सरकार ओहेन समाचार आओर सोशल मीडिया पोस्ट सभक खंडन कयलक अछि जाहि मे दावा कयल गेल छल जे प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजना पीएमयूवाई क तहत एलपीजी कनेक्शनक लेल रिफिल बुकिंगक समय सीमा के संशोधित कऽ पैंतालीस दिन कऽ देल गेल अछि। पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालय स्पष्ट कयलक अछि जे कोनो बदलाव नहि कयल गेल अछि आओर मौजूदा रिफिल बुकिंगक समय सीमा अपरिवर्तित अछि। शहरी क्षेत्र सभ मे ई पच्चीस दिन आओर ग्रामीण क्षेत्र सभ मे पैतालीस दिन अछि चाहे कनेक्शनक माध्यम कोनो हुए।

---

केन्द्र सरकार कहलनि अछि जे देश मे छत्तीस करोड़ टन कच्चा तेलक शोधनक क्षमता अछि। पश्चिम एशिया मे हालक घटना क्रम पर आइ नव दिल्ली मे अंतर मंत्रालय प्रेसवार्ता मे पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालय मे संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा स्पष्ट कयलनि जे पेट्रोल आओर डिजल के दाम मे कोनो बढ़तोरी नहि कयल गेल। ओ लोक सभ सँ अफवाह सभ पर ध्यान नहि देबाक अपील कयलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे राज्य मे चौबीस नवंबर दू हजार पांच के पहिल बेर एनडीएक सरकार बनल आओर तहिया सँ एतय कानूनक राज अछि। श्री कुमार समृद्धि यात्राक तहत आइ बक्सर जिला मे जनसंवाद कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलथि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री जिलाक पांच सय बिरानवे करोड़ रूपैयाक लागति बला विभिन्न योजना सभक शिलान्यास आओर लोकार्पण कयलनि। एम्हर मुख्यमंत्री भोजपुर मे सेहो दू सय उनहत्तरि करोड़ रूपैयाक लागति बला दू सय सत्ताईस योजना सभक शिलान्यास आओर एक सय संतानवे करोड़ रूपैयाक लागति बला चारि सय चौरानवे योजना सभक उद्घाटन कयलनि।

———————————————————

जदयू द्वारा लोकसभा अध्यक्ष सँ पार्टी लाईनक विपरीत आचरणक कारणे सांसद गिरिधारी यादवक सदस्यता समाप्त करबाक अनुरोध कयल गेल अछि। पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे लोकसभा मे जदयूक नेता दिलेश्वर कामत एहि संबंध मे अध्यक्ष कैँ अधिकारिक पत्र सौंपलनि अछि।

———————————————————

प्रदेश मे रामनवमीक पाबनि शुक्र दिन सत्ताईस मार्च के मनाओल जायत। रामनवमीक तैयारिक अंतिम रूप देल जा रहल अछि। पटना स्थित महावीर मंदिर न्यास समितिक सचिव सायन कुणाल कहलनि जे एहि अवसर पर भक्त सभक दर्शनक लेल महावीर मंदिरक पट राति दू बजे खोलि देल जायत। संगहि, तीस एलईडी स्क्रिनक माध्यम सँ श्रद्धालु लोकनि के दर्शनक सुविधा उपलब्ध कराओल जायत। श्री कुणाल कहलनि जे पटना मे बावन स्थान सँ भव्य झांकी निकालल जायत। एम्हर प्रशासन द्वारा एहि दरमियान शांति आओर सद्भाव बनेबाक लेल व्यापक तैयारी कयल गेल अछि।

———————————————————

उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संगहि, चारि दिवसीय महापर्व चैती छठिक महा अनुष्ठान आइ संपन्न भऽ गेल। लोक सभ गंगा, गंडक, कोसी, बागमती, सरयू, महानंदा सहित कतेको घाट सभ पर भगवान भाष्कर के अर्घ्य अर्पित कऽ पारन कयलनि।

———————————————————

आकाशवाणी काल्हि सँ भोरे के प्रसारणक शुरूआत राष्ट्रगीत वंदेमातरमक पूर्ण संस्करण सँ करत। स्वतंत्रताक बादे सँ आकाशवाणीक स्टेशन सभ सँ भोरेक प्रसारणक शुरूआत मे आकाशवाणीक धुनक बाद वंदे मातरमक दू टा श्लोकक प्रसारणक परंपरा रहल अछि। सूचना आओर प्रसारण मंत्रालय कहलनि जे गृह मंत्रालयक हालिया दिशा–निर्देश मे राष्ट्रगीतक छओ श्लोक सभ के सम्मिलित कयल गेल अछि। आकाशवाणीक सभ स्टेशन काल्हि सँ राष्ट्रगीतक पूर्ण संस्करण करब शुरू कऽ देत। पूर्ण संस्करणक अवधि तीन मीनट दस सेकेंड अछि।

———————————————————————

समाप्त